



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MASTERCARD PRAL PRESKE TRIPLE PREZANS LI NAN VIL NEW YORK, GRAS A YON SANT TEKNOLOJI

Disi 2024, L ap Ogmante Lokal 212,000 Pye Kare li an, e l ap Kreye plis pase 470 Nouvo Djòb nan Domèn Teknoloji

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse konpayi mondyal teknoloji peman yo rele Mastercard la pral agrandi operasyon li nan Eta New York avèk ekspansyon sant teknoloji Manhattan li an. Avèk yon envestisman plizyè milyon dola nan yon nouvo lokal 212,000 pye kare sou 150 Fifth Avenue, pwojè an pral kreye 473 nouvo djòb ki gen rapò ak teknoloji disi 2024, e Mastercard pral kenbe tou plis pase 250 djòb rechèch ak devlopman ak djòb nan domèn teknoloji ki egziste deja nan Vil New York.

“Gras a divèsite mendèv nou an ak yon angajman san parèy pou devlopman ekonomik, New York kontinye ap reyisi etabli djòb ki alimaj 21yèm syèk lan osen yon endistri 21yèm syèk”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Desizyon Mastercard pou agrandi e inove operasyon li yo nan New York, se prèy pozitif ke New York gen zouti, resous, ak anviwònman komèsyal ki pou pèmèt tout biznis briye.”

Ed McLaughlin, Prezidan Operasyon ak Teknoloji nan Mastercard, di konsa, “New York se yon pòtay eksepsyonèl pou talan, inovasyon ak kolaborasyon. Nou apresye soutyen san souf nou jwenn nan men Gouvènè Cuomo ak eta a, sa ki pèmèt nou respekte angajman nou te pran pou nou alatèt monn dijital lan. Aktivite yo nan New York se yon konpleman ak ekspansyon natirèl jefò n ap fè onivo mondyal pou pote lavni dijital la oprezan.”

Depi 2014, ekip Manhattan Mastercard yo ede nan devlopman peman dijital, sekirite sou entènèt, ak inisyativ kwasans entegrasyon. Pou ankouraje ekspansyon Mastercard nan New York, Empire State Development te ofri konpayi an jiska 13.3 milyon dola kredi fiskal ki baze sou pèfòmans, atravè Pwogram Travay Eksèlisyò an (Excelsior Jobs Program).

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development Howard Zensky te deklare, “Mastercard gen yon istwa long nan Eta New York epi nou fyè pou nou soutni ekspansyon yo. Pwojè sa a pral kreye plizyè santèn djòb e pèmèt yon kwasans rapid nan domèn rechèch ak devlopman, analitik done, enjeniri ak lòt gwo teknoloji, sa k ap kore lidèchip New York osen ekonomi 21yèm syèk lan”.

Sant teknoloji Mastercard lan, ki chita nan distri Flatiron, se la pwodwi dijital konpayi an, teknoloji operasyon, Masterpass, ak ekip rechèch ak devlopman yo chita. Bank, komèsan, ak jèn konpayi kolabore regilyèman avèk devlopè ak enjenyè Mastercard yo nan sant teknolojik la, pou teste nouvo teknoloji tankou entelijans atifisyèl ak byometrik, pou livre pwochen jenerasyon pwodwi ak sèvis peman. Anplis de sa, kòm teknoloji jwe yon wòl enpòtan pou pèmèt Mastercard respekte angajman li pran anvè entegrasyon finansyèl, gen plizyè anplwaye nan Sant Mastercard pou Kwasans Entegrasyon (Mastercard Center for Inclusive Growth) ki la tou, e gen kolaborasyon ant sektè piblik ak sektè prive an.

Nouvo lokal nan Vil New York la pral kontinye konplete sant teknolojik Mastercard genyen nan St. Louis, India (Pune-Vadodara), Dublin, ak Sydney, e ranfòse angajman li pran pou devlope teknoloji ak sèvis peman dènye kri.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418